

Byen-tretman : Istwa Georgia

MEN ISTWA GEORGIA

LI SE YON FANM ITALYEN 65 AN, KI TE VINI NAN KÈBEK LÈ LI TE GEN 15 AN (AK FANMI LI). PARAN LI YO MOURI. LI GEN YON SÈL FRÈ KI VIVAN, LÉO. LI AP VIV AK MARI LI LORENZO, 67 AN, YON MEKANISYEN NAN SEMI-RETRÈT.

GEORGIA PRAL RANKONTRE DOKTÈ LI.

MWEN GEN DIFIKILTE DOU MACHE, MWEN SOUVAN PÈDI BALANS MWEN EPI MWEN SANTI MWEN FATIGE ANPIL.

APRE REZILTA TÈS YO »

OU GEN SKLEROZ MILTIP. SA EKSPLIKE SENTÒM

MWEN PRAL NAN MACHE A.

OU VLE MWEN AKONPAYE OU?

NON MÈSI. MWEN PREFERE ALE POUKONT MWEN.

MWEN KONNEN OU KAPAB. LI TRÈ BON. NAP WÈ BYENTO.

SITIYASYON LI KA JWE SOU ATITID LI.

LI TRÈ LONG!

LI PRÈSKE PARECHERI. MWEN PA KA IMAJINE KI JAN OU SANTI OU MEN LI DWE DIFISIL. ÈSKE GEN YON LÒT BAGAY MWEN KA FÈ DOU EDE OU?

GEORGIA RANKONTRE TRAVAYÈ SOSYAL LI NAN CLSC LA.

KI JAN W AP SUIV DYAGNOSTIK OU A?

TOUT EMOSYON SA YO NÒMAL YO YE...NOU PRAL ALE A RITHM OU...

PAFWA MWEN SANTI MWEN TRIS E LÒT FWA MWEN SANTI MWEN FACHE. MWEN KAPAB TOU ENPASYAN AK LORENZO.

GEORGIA DALE NAN BIBLIYOTEK AK YON GWOUPE ADOLESAN

MWEN LA DOU M DATAJE EKSPERYANS LAVI MWEN AVÈK NOU, DALE AVÈK NOU SOU SKLEROZ MILTIP EPI REPONN KESYON NOU YO.

MWEN TRÈ KONTA KE OU TE DAKÒ DATISIPÈ NAN AKTIVITE ENTÈJENERASYON SA A. OU GEN ANPIL DOU OFRI JENERASYON KAP VINI YO.

MÈSI DASKE W PANSE AK MWEN DOU AKTIVITE SA A. LI TRÈ BÈL JWENN ANSANM AK JÈN MOUN EPI DALE DE ISTWA FANMI ITALYEN MWEN AN.

GEORGIA SOTI AK ZANMI LI YO

MÈSI DÈSKE W TE PLANIFYE SOTI NAN RESTORAN SA A KI PRAL FÈ GEORGIA BYEN.

SA AP DÈMÈT MWEN GEN YON TI TAN DOU TÈT MWEN.

GEORGIA SANTI LI REKONESAN DOU LI GENYEN YON REZO MOUN K AP DRAN SWEN LI.

Bon tretman se yon apwoch pou respè chak moun, bezwen yo, sa yo mande ak sa yo chwazi, ansanm ak sa yo pa vle. Li eksprime nan bay atansyon, bon atitud, jan ke ou ye e jan ke ou aji ki montre kolaborasyon, respè tout valè, kilti, kwayans, wout moun nan fè nan vi li epi dwa ak libète moun nan¹



Men ki prensip kap dirije bon tretman pou granmoun aje yo²

Prensip sa yo aplike tou pou tout granmoun ki nan yon sityasyon ki fè ke yo vilnerab.

1. Mete moun nan nan kè aksyon yo.
2. Ankouraje otodetèminasyon ak pouvwa pou granmoun aje yo aji, pou yo kapab pran kontwòl sou lavi yo, chwazi sa ki an amoni ak valè yo, abitud lavi yo, kilti yo, elatriye.
3. Respekte moun nan ak diyitel pou li ka santi ke li konsidere e pou li la gen estim pwop tèt li.
4. Ankouraje enklizyon ak patisipasyon sosyal pou pote byenèt pou granmoun aje yo ki vlé soti nan izolasyon yo, epi kontribye nan sosyete a.
5. Fè anpil aksyon ak enteraksyon ki konbine konpetans (bon konesans) ak jijman (bon konpòtman).
6. Ofri sipò konsètè pou pran aksyon ki pi apwopriye pou chak dimansyon lavi granmoun aje a (egzanp : lojman, sante, manje, renmen ak lavi fanmil, elatriye) pandan yap respekte chwa moun sa yo.



Bon tretman se yon faktè pwoteksyon kont move tretman.

Si w panse wap sibi move tretman oswa si ou se yon temwen abi, kontakte liy asistans move tretman granmoun aje **1-888-489-2287**

Si ou santi ou ka pa an sekirite, kontakte 911.

1. Kad referans - Favoriser la bientraitance envers toute personne aînée dans tous les milieux et tous les contextes, section 1 page 3.
2. Kad referans - Favoriser la bientraitance envers toute personne aînée dans tous les milieux et tous les contextes, section 1, page 5.

Bédéiste: Sylvain Lavoie
Coordonnatrice du projet: Louise Buzit
Direction régionale de santé publique de Montréal, octobre 2024.